

**LIS BAGAY POU PARAN AN VERIFYE ANRAPÒ AK IEP A**

**Dat Reyinyon an:** \_\_\_\_\_ **Kalite Reyinyon:** Evalyasyon Premye Re-evalyasyon

<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Enkjetid Paran:</b> Paran/pitit la pale sou enkjetid pa yo
<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Reyinyon Evalyasyon:</b> Èske ekip la te pale sou pwèn fò pitit ou yo? Èske w te pale sou pwèn fò pitit ou yo? Èske Prezidan EKIP la te idantifye andikap pitit ou a? Èske ekip la te pale sou pèfòmans li nan klas la ak pwogrè l fè pou l atenn objektif li yo, oswa mank pwogrè l?  <b>Premye/Re-evalyasyon:</b> Èske ekip la te pale sou rezilta tout evalyasyon yo?
<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Deklarasyon Plan:</b> Lekòl la ak paran/pitit kolabore ansanm pou fè yon plan. Elèv ki gen 14 an oubyen plis patisipe nan plan an tou.
<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Nivo Aktyèl Pèfòmans Edikasyon Elèv la: Pwogram Jeneral</b> Èske ekip la te pale sou ki jan andikap la afekte pwogrè elèv la fè nan diferan domèn nan pwogram jeneral la? Èske ekip la te rekòmande aranjman? Èske ekip la te pale sou modifikasyon nan fason yo anseye pwogram lekòl la?
<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Nivo Aktyèl Pèfòmans Edikasyon Elèv la: Lòt Domèn Edikatif</b> Èske ekip la te pale sou kòman andikap elèv la afekte pwogrè l fè nan lòt domèn nan pwogram nan? Èske ekip la te rekòmande aranjman? Èske ekip la te pale sou modifikasyon?
<b>WI</b>	<b>NON</b>	<b>Objektif:</b> Èske ekip la te idantifye e egzamine diferan domèn yo ka fikse objektif?
<b>WI</b> <b>WI</b> <b>WI</b>	<b>NON</b> <b>NON</b> <b>NON</b>	<b>Sèvis Done:</b> Èske ekip la te idantifye kalite sèvis yo, frekans yo, ak dire yo? Èske ekip la te pale sou sèvis elèv la ka jwenn pandan l anndan sal de klas edikasyon jeneral la oswa pandan l andeyò sal de klas la?
<b>WI</b> <b>WI</b>	<b>NON</b> <b>NON</b>	<b>ESY/Transpò:</b> Èske ekip la te pale sou sèvis Ane Lekòl Pwolonje (ESY) epi yo te egzamine ransèyman yo? Èske ekip la te pale sou transpò epi sou kòman andikap pitit ou ka egzije transpò?
<b>WI</b> <b>WI</b> <b>WI</b>	<b>NON</b> <b>NON</b> <b>NON</b>	<b>Egzamen ak Evalyasyon</b> Èske ekip la te pale sou Evalyasyon Distri a ak/oswa Eta a fè yo? Èske ekip la te pale sou aranjman yo ka fè pandan evalyasyon yo? <b>Deklarasyon sou Brimad:</b> Èske ekip la te pale sou zafè brimad?
<b>WI</b>	<b>NON</b>	Èske Prezidan EKIP la te egzamine rezime reyinyon EKIP la?